# Cheke stati.
# Pwoteje kouvèti'w ak MassHealth.

Gen nouvo chanjman kap vini nan MassHealth kòmanse 1 Janvye, 2027. Aji kounye a pou kapab kenbe asirans ou aktif.

## Kisa kap chanje?

**Egzijans nouvo travay ak edikasyon.** Selon MassHealth, gen kèk manb adilt ki gen ant 19-64 an ki pral bezwen pwouve yo fè 80 èdtan pa mwa nan travay, travay volontè, lekòl, oubyen fòmasyon pwofesyonèl pou yo ka kenbe kouvèti asirans yo, amwenske yo kalifye pou yon egzanpsyon.

**Renouvèlman de fwa pa ane.** Dapre MassHealth, menm manb yo ap bezwen renouvle kalifikasyon yo de fwa pa ane, olye de yon sèl fwa pa ane. MassHealth ap kontakte'w afekte manb lè a rive pou renouvle.

MassHealth ap kontakonte'w dirèkteman si ou afekte.

**Nòt:** Chanjman pa anwo a se yon obligasyon federal, se pa BMC Health ki etabli yo. Pou Plis Enfòmasyon, vizite www.mass.gov/masshealthmemberchanges.

## Eske nouvo regilasyon aplike a ou menm?

Ou ka pa bezwen respekte nouvo règ travay yo. Pa egzanp, you kapab egzante si ou:

- Ansent
- Viv ak yon dezabilite oubyen yon maladi serye
- Pran swen yon timoun ki gen mwens de 14 an

## Eske ou bezwen aji?

Wi! Eske li enpòtan pou fè kat bagay sa yo.

- **ETAP 1: Mete ajou enfòmasyon kontak ou nan MassHealth kounye a.** Asire'w ke MassHealth gen adrès postal, nimewo telefòn, ak adrès imèl yo. Sa se etap ki pi enpòtan. Se konsa w'ap resevwa avi pou renouvèlman.
- **ETAP 2: Li epi reponn tout kominikasyon ki soti nan MassHealth.** MassHealth voye avi renouvèlman nan anvlòp ble. Pa mete yo sou kote.
- **ETAP 3: Pran yon tès depistaj.** Fè tès evalyasyon MassHealth la pou'w konnen si yo dwe satisfè nouvo egzijans ki gen rapò ak travay ak edikasyon yo.
- **ETAP 4: Renouvle a lè.** Si ou resevwa yon anvlòp ble de Mass Health, ouvri li e reponn a avi pou renouvle e mande enfòmasyon anvan dat ke nou bay.

Vizite www.bmc.org/medicaid pou plis enfòmasyon.

## Kilè chanjman yo ap kòmanse?

- Obligasyon travay ak elijibilite yo ap kòmanse **1 Janvye, 2027.**
- MassHealth ap kontakte'w afekte manb lè a rive pou renouvle. Fè an sòt ke enfòmasyon kontak ou ajou, pou kapab resevwa avi ou yo.

## Kijan pou jwenn èd?

Vizite mass.gov/masshealthmemberchanges pou obligasyon yo, ezansyon, ak depistaj sou entènèt, oubyen rele Sèvis Kliyan MassHealth nan 800.841.2900 (TTY: 711).

**Pou sipò BMC adisyonèl**

Gen Konseye Finansye pou Pasyan ki disponib nan tout sistèm BMC Health System nan pou ede pasyan yo navige resous MassHealth yo epi ofri yo sipò.

Rele, voye imèl, oubyen pran yon randevou nan youn nan twa lopital yo:

Telefòn: 617.414.5155

Imèl: patfinoutreach@bmc.org

Lokasyon: Boston Medical Center, Boston Medical Center – Brighton, or Boston Medical Center – South

Boston Medical Center
HEALTH SYSTEM

**Skane pou aprann plis**

Skane kòd QR ak kamera telefò ou oubyen vizite bmc.org/medicaid pou lyen a enfòmasyon sipò MassHealth ak BMC.